


Se byen ou fè pou pwochen w!

Nèj ak glas rann li difisil pou tout moun mache: elèv lekòl, faktè, vyeya, bèt, moun ki pran otobis, epi moun ki andikape espesyalman. Nan Medford tout moun alawonnbadè fè lizay twotwa.



Se responsablite moun k ap viv nan Medford pou yo:

- Netwaye nèj ak glas ki sou twotwa devan kay yo. Si yo pap la yo dwe kite yon lòt moun anchaj pou fè sa.
- Netwaye nèj ki nan pwent kafou, sou kanivo yo pou pyeton ka travèse san danje.
- Dige nèj ki bòkote vān dlo ak basen drenaj yo.
- Toujou pake machin ou a 20 pye distans nan yon kafou pou machin k ap pelte yo ka pouse nèj yo byen fon pou gen plis plas pou pyeton.



- Pote atansyon pa pake kote ki make “No Parking” pandan nèj ap tonbe.

It's the law!

Nan Medford, twotwa fèt pou klè 6 zèdtan apre nèj tonbe. Pa obeyi òdinans sou zafè netwayaj nèj se yon ofans ke yo penalize. W ap peye \$25 premye fwa a \$50 pa jou apre

Nou pa vle w glise pou tonbe!

Pou moun ki apye, kap ize pousèt, epi moun sou chèz woulant glas ka pi rèd ke nèj. Li ka lakòz moun tonbe mal. Ou responsab pou netwaye glas sou twotwa devan pòt ou menm jan pou nèj. Ou dwe netwaye oswa trete sa nan 6 zèdtan.

- Achte bagay ki fonn glas met la avan yon tanpèt. Simen enpe atè anvan tanpèt la.
- Simen bagay pou fonn glas kote w antre nan lakou w epi sou twotwa byen bonè epi anpil fwa pou nèj pa monte twòp pou fè glas.
- Siye pye w byen siye lè w fin simaye l pou pa pote l antre anndan kay ou.




Materyèl pou ize:

- Ize bagay ki gen klorid kalsyòm (CaCl_2) pou fonn glas. Li pi bon pou anviwònman an epi yon ti kras sèlman ap fonn glas la. Klorid potasyòm (KCl) bon tou men fè atansyon li kraze beton..
- Yon lòt opsyon tou se lityè pou chat ki fèt ak pwodui natirèl..
- Evite sèl anwòch (NaCl oswa klorid sodyòm) -- li touye plant ak pyebwa.
- Evite sab. Li pa bon pou pyeton; li fè glas pi glise. Epiou li rantre nan dren pou lapli ak basen drenaj yo apade sa li koute twò chè pou netwaye l lè prentan rantre.


Nou voye dlo nou pa mouye pyès moun!

Se toutan DPW bije pouse nèj antre bak nan lakou moun. Pouse nèj anndan lakou oswa anpile l bòkote machin ki pake nan lari se yon bagay ki inevitab pandanske n ap lite pou n fè pasaj nan lari yo pandan tout dire yon tanpèt. Pa voye nèj ou pelte sou twotwa devan lakay ou nan lari – se yon bagay ki kont lalwa (\$50 kòm penalite).



Regleman sou zafè netwaye nèj nan Medford

Medford gen pwòp règ pa li




E si w ta bezwen èd?

Lavil Medford pa bay sèvis sou zafè pelte nèj.



Rele Council on Aging (781-396-6010) k ap ba w lis non moun ke w ka anboche pou pelte nèj.

Enskri nan sit entènèt sa a k ap fè w konnen sa k ap fèt nan kominote a pa telefòn oswa pa email ak enfòmasyon osijède nèj ak pelte nèj:
<http://is.gd/medford>.



Este documento está disponible en español – ver la ciudad de Medford Sitio web

Este documento está disponível em português – para ver a cidade de Medford site

www.medford.org



Se Medford's Mass in Motion **Walking Routes Taskforce** ki fè piblikasyon sa a.. Mass in Motion initiative travay lokalman pou l bay rezidan Medford plis pòtinite pou yo manje pi byen epi bouje plis kote y ap viv, aprann, travay epi jwe. Se Cambia Davis ki fè desen yo.

HAITIAN CREOLE